

Pwofil Rasyal anvan ak apre 9/11 Eske lapolis ba'w pwoblèm poutèt koulè po'w, oswa poutèt kote-ou soti ?

Si sa rive'w, tanpri ranpli fòm ki vin-n ak lèt la, é rèmét nou li

Depi gwo trajedi 11 septanm-nan, gen de moun ki kwè ke si yo pran siveye yon seri ras moun, oswa moun ki soti de yon seri peyi, se konsa y'ap regle afè sekirite peyi-a. Bagay-sa-a rele « Pwofil Rasyal » (Racial Profiling) ki vle di lapolis ap konsantre siveyans-li sou moun li PANSE te KA komèt move zak. Yo baze yo sou koulè po yon moun ak ki kote moun-nan soti pou yo deside ki moun pou yo rete, kesyone, arete, envestige ! Afè pwofil rasyal-sa-a fèt nan Ayewopò, nan estasyon bis, ak nan estasyon tren. Kitseswa kote li fèt-l, li pa bon e
LI PA BAY RANDMAN ! Kifè OU PA DWE AKSEPTÉ'L !

Afè pran laperèz kou'w wè lapolis ak jandam-nan pa bon ! Pa gen ankenn zak kriminel deske yon moun ak po nwa oswa mawon ap kondwi oswa vwayaje. Men li pa legal pou lapolis anpechewè'w vwayaje selman paske ou nwa.

Tanpri, ranpli fòm ki vin-n ak lèt la, é rèmét nou li. Ansanm nou gen pouvwa pou nou kampe diskriminasyon nan kitseswa nivo li fèt ! moun pa fèt pou yo make'w kòm kriminel poutèt koulè po'w. Annou estope sistèm rasis-sa-a !

Si ou ta vle pote yon plent, ou te mè kontakte-nou nan adrès :
www.acluf.org/complaintform.html



Pou plis enfomasyon sou afè pwofil rasyal-la, oswa si ou ta vle konnen kisa pou fè pou met tèt ansanm ak :

**ACLU, kontakte ACLU of Florida nan (305) 576-2337,
4500 Biscayne Blvd. Suite 340, Miami, FL 33137**

<http://www.acluf.org/kreyol>